



Pou Piblikasyon Imedya: 11/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RATIFIKASYON AKÒ TRAVAY 3 LANE AVÈK INITE SIPÈVIZÈ SEKIRITE KONSÈY 82

Akò avèk manm sipèvizyon sekirite yo kouvri apeprè 500 anplwaye Eta New York

Akò a gen ladan ogmantasyon salè anyèl, ogmantasyon pèman lokal, jiska 12 semèn konje paran totalman peye, ak chanjman nan benefis sante

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ratifikasyon yon akò travay twa lane avèk Inite Sipèvizè Sekirite Sendika Ofisye Lapolis Eta New York, AFSCME Konsèy 82, AFL-CIO, ki gen ladann apeprè 500 pèsònèl sekirite sipèvizyon nan tit tankou lyetnan koreksyon, ofisye chèf sekirite, chèf sekirite ak ofisye sekirite ak asistan sekirite lopital ki sipèvize tretman. Akò a, ki prale jiska 31 mas 2026, te jwenn apwobasyon 89 pousan manm Konsèy 82 ki te vote.

"Atravè akò travay sa, nou ap ede asire pèsònèl sekirite brav nou yo jwenn yon konpansasyon san patipri pou gwo kontribisyon yo nan Eta New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye lidèchip Konsèy 82 a pou patenarya yo pandan tout negosyasyon yo ak manm li yo pou pwofesyonalis yo ak devouman yo pou kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite."

Prezidan Konsèy 82 Ronald J. Walsh Jr. te deklare, "Sa se yon bon kontra ki responsab. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak ekip li a nan Biwo Relasyon Anplwaye pou sipò kontinyèl, angajman ak respè kontinyèl yo pou gason ak fanm nan inite negosyasyon sa ak travay difisil ak danjere yo. Nou rekonesan tou pou Prezidan AFSCME Lee Saunders, ekip li a, ak reprezantan Konsèy 82 a ki pa janm kite batay yo pou pi bon salè ak benefis, bon swen sante, ak espas travay ki an sekirite."

Kontra ratifye a gen ladan ogmantasyon nan chak ane nan akò a ki konsistan avèk lòt akò ki fèk negosye yo. Anplis de sa, kontra a gen ladann lòt ogmantasyon nan konpansasyon tankou yon bonis fòfètè ak jiska 12 semèn konje parantal ki totalman peye. Kontra a gen ladann tou chanjman nan pwogram asirans sante a ki pral ankouraje patisipasyon anplwaye nan rezo a epi ede kontwòle depans asirans sante yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)